Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 5 (7808)
1 Февраль
Хамиз
2024 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъи

## Газ бачиналъул суалгун



30 январалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас аслияб суалаздасан данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам Хъ-М. ГIабдухаликъов, ЖККХялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев ХI-М. ГIабдурахIманов, «Унсоколо район» МОялъул энергоресурсал цIуна-къан харж гьариялъул, гьелъул пайда борхизабиялъул рахъалъ бюджеталъул бутIаялда вугев вед. специалист М. ГIабдумаликовги.

Аслияб суаллъун данделъиялда букIана Рихьуни, ГIашильтIа росабалъе, Шамильхъала поселокалде газ бачин, гьединго Майданское росулъеги гьеб бачун лъугIизаби.

БетIер гIенеккана щивасул кIалъаязухъ, гьенибго тIад чIей гьабуна дагьго хьезарурал хъизаназе кумек гьабиялда, бутIрузда лъазабуна захIматаб хIалалда ругел хъизанал лъазареянги.

Киналго гьоркьор лъурал суалазда рекъон иш тIаде кколезе бетIерас тIадкъаялги кьуна.

НСПДялъул форум

## Форумалъул хIасилаздасан



30 январалда «Унсоколо район» МОялда регионазда гьоркьосеб НСПДялъул форумалъул гIахьалчагIиги данде гьарун, данделъи ахIана гьал къоязда бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов, ракьулгун кадостровиял ишазул специалист Ш. ШагIбанов ва ведспециалист М-Р. ХIусенов.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго ГI. НурмухIамадовас тIадкъай кьуна гьеб форумалъул хIасилазда ва темабазда хурхун, росабазул бутIрузе семинар ахIиялъе хIадурлъизе.

## Собраниялъул заседание



Араб анкьил ахиралда букIана «Унсоколо район» МОялъул депутатазул Собраниялъул заседание. Гьениб балагьиялде босун букIана «2023 соналда Унсоколо районалда бугеб МОялъул оперативияб хъулухъалда хурхун гьабураб хIалтIул хIасилал. Гьеб суалалдасан хIисаб кьунат отделалъул нач. А. МухIамодовас.



Хадусеб суал букIани РФялъул Президент вищиялъе районалда гьабулеб хIадурлъиялда хурхун «Унсоколо район» МОялъул ТИКалъул пред. К МухIамадгIалиевасул.

Депутатаз гьел суалал гIатIидго гьоркьор лъуна.

Шамильхъала

## ГIумро гьабулезул мурадал цIуниялъе



24 январалда ГI. НурмухIамадовас данделъи ахIана Шамильхъала поселокалъул гIадамазул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе ва гIодобе биччараб ахIвал-хIал цIуниялъул суалгун. Поселокалда гIемерал бетIергьаби гьечIел гьаби рукIиналъ рахIат хвезабун буго гьениб гIумро гьабулезул. РукIана гьездаса лъимал лъутун рорчIиялъул лъугьа-бахъиналги. Гьединаб ахIвал-хIалалдаса хвасарлъиялъе кумек гьабеян гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасухъе рачIун рукIана школалда кIиго смена гьабизе букIиналъ лъималазда хIинкъарал эбел-инсул вакилзаби. Гьезулгун данчIваялда ГI. НурмухIамадовас Шамильхъала поселокалъул бетIер МаллахIусен ХIажиевасда тIад къана гьеб суалалда хурхун заманалда данде кколел тадбирал гьаризе ва бихьизабуна: «Сундасаго цебе поселокалъул гIадамазул сахлъи цIуни ва хIинкъи гьечIолъи букIинаби кIвар кьеялда гъоркь букIине кколин».

ДанчIвай

## Насос лъеялъул суалгун

Гьал къоязда данчIвай букIана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовги «Джатекс» насос гьабуразул рахъалдасан Дмитрий Андриановасулги.

ЦIияб насос лъеялъул хIалтIаби, ай монтажалъулал хIалтIаби гьарулаго районалъул администрациялъул комиссиялъе баянлъана упаковкаялъуб бугеб насосалда дефектал рукIин.

БакIал раялъул ва ЖККХаялъул начальникасул ишал тIуралев ХI-М. ГIабдурахIмановас ва шеф-инженер Д. Андриановасги рихьизариял ритIана производителязухъе. Насосалъул суал тIубай гьелъие жаваб бачIинегIан нахъ бахъун тун буго.



**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 5 (7808)
1 Февраль Хамиз 2024 сон



**29 январалда оперативияб штабалъул гIатIидаб данделъи ахIана А. Абулмуслимовас. Гьоркьоре росун рукIана :**
**I. ГIадамазул гIарзазде кIвар буссинаби, республикаялда газ бачиналъул бугеб хIал, « местные иницитивы» ва « капиталияб ремонт- ясли-садам» проектал гIумроялде рахъинари, араб соналда батIи-батIиял проектазда гьабураб гIахьаллъи. Заседаниялда гьел суалал гIатIидго гьоркьор лъуна.**



ГIатIидаб данделъи

# Киналго рахъал-кIвар кьеялда гъоркь



Гьал къоязда райадминистрациялъул актовияб залалда районалъул бетIерас тIобитIана гIатIидаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул учреждениял - организациязул нухмалъулел, росабазул бутIрул, жамгIиял хIаракатчагIи ва цогидалги.

Къойил темаялде росун рукIана гьал хадусел суалал .

I. Районалъул бетIерасул нухмалъиялда гьоркь ТIолгороссиялъул «Малая Родина-сила России» форумалда гIахьаллъиялъул.

2. Россиялъул Федерациялъул Президентасул рищиязде хIадурлъиялъул.

3. Рихьуни ГЭСалъул лъелъ гьанкъулел ракьазул компенсациялъул.

4. СВОялъул гIахьалчагIазе ва Палистинаялъул гIадамазе кумек-кверчIваялъулаб хIалтIи гьабилъул.

Данделъиялда кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна «Малая Родина – сила России» ТIолгороссиялъул форум букIанин муниципалитетазда, гьезул гIадамазда хурхун тIоцебе гьабураб,-абун. Аслияб къагIидаялда гьениб к1вар кьолеб букIана г1адамазул т1алаб гьабиялде. «Хъулухъ гьаби»,-ай гьитIинаб ВатIаналъул гIадамазе хъулухъ гьабиялде буссараб форумалъ данде гьарун рукIана 7,5 азарго муниципалиял хъулухъчагIи, улкаялъул киналго бокIназда хIалтIулел. Рес кьуна жалго гIадал коллегабигун гара-чIваризе, цоцазул хIалбихьи лъазабизе, масъалаби тIуразе ресал ратизе.

В.Путиница кIудияб кIвар кьуна муниципалияб хIалтIул гIадамазде. Гьес бихьизабула «Муниципалиял хъулухъчагIи киналго рахъалъ халкъалде гIагарал ругин, нужергун кигIан дагьабниги гьоркьоблъи гьечIеб ишалда хурхунги гIадамазе гIоло хIалтIизе кколел»,-ян тIадчIей гьабула улкаялъул бетIерас,-ян бицана ГI. НурмухIамадовас. «Гьединаб форум нилъер улкаялда тIобитIана тIоцебе, гьеб ахирисеб батиларинги хьул гьабулеб буго гIемерисез».

Цере ругел рищиязда хурхун гьабулеб бугеб хIалтIул бицана ТИКалъул нухмалъулев К. МухIамадгIалиевас ва ЖамгIияб Полатаялъул председатель М. МухIамадовасги.

Хадуб ГI. НурмухIамадовас информация гьабуна Рихьуни ГЭСалъул лъелъ гьанкъарал ракьазухъ гIарац кьеялъул суалалда т1асан.

СВОялъул гIахьалчагIазе кумек гьабиялда хурхун кIалъалаго бетIерас тIадчIей гьабуна «Бигьаяб иш гуро нахъа цун хвел букIин лъалаго рагъулал бакIазде хъулухъ гьебизе ин. Гьелъие кIудияб бихьинчилъи ва къвакIи къваригIуна. ТIадегIанал цIарал, орден-медалал щвечIониги гьенибе арав щивав вуго бах1арчи. Нилъеда тIадаб буго гьединал ва гьезул хъизанал кквезеги, кумек гьабизеги»,-абун.

Гьенибго ГI. НурмухIамадовас жавабиял гIадамазда тIад къана гьабсагIаталда нахъего ихдалил призывалда хурхун хIалтIи гьабизе.

Умумазул гIумроялдаса

# Росдал махщел ккурав

**Гьал къоязда нилъеца кIодо гьабула халкъазда гьоркьосеб хъизаналъул къо. Гьаб нухалда МахIачхъалаялъул паркалда гьелъул цIа бакана Унсоколо росдал цIулал тIагIелал гьарулезул ирсилав МухIамадгIалиевазул хъизамалъ.**



Республикаялда ва гьеб бохун къватIибехунги машгъурав махщелчи, жинца цIулада рухI лъолеб умумазул махщел даимлъизабуразул ункъабилеб гIелалъул вас, Дагъистан республикаялъул Правительствалъул премиялъул лауреат, Унсоколо росулъа М. ГI. МухIамадгIалиевасул хъизан ахирият санazда дунялалъего машгъурлъана. Гьев ккола ТIолгороссиялъул республикаялъул халкъазда гьоркьосел культураялъул проектазул хIаракатчи.

Махщелчияс республика лъазабуна Италиялда, Испаниялда, Португалиялда. Дагъистаналъул къоязда гьев щвана Швециялде, Белоруссиялде ва цогидалги бакIазде.

Электроэнергия

# Суалал тIуралел руго

Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана Рихьуни росдал бетIер ГIузаир Жамалудиновгун ва гьеб росдал жамагIаталъул вакилзабигун.

ДанчIваялда гара-чIвари ккана росу электроэнергиялдалъун хьезабиялда хурхун ва гIураб къадаралда токалъул къуват гьечIолъиялдаги хъатIана суал.



Ахиралда бетIерас тIадчIей гьабула кинабго бугеб хIал лъалин, жавабиял гIадамаз гьеб суал тIубазабиялъе хIалтIаби гьарулел ругин.

Къецал

# МугIарул мацI - нилъер тарих



26 январалда «ХIакъикъат» газеталда конкурс букIана «ГIагараб мацI-халкъалъул тарих» абу-раб темаялда. Гьеб бухьинабун букIана Р.ХIамзатовасул юбилеялда.

Конкурсалда гIахьаллъана 80 школалдаса цIалдохъаби. Гьезда гьоркьор рукIана нилъер ц1алдохъабиги Шамильхъалаялъул школалдаса 6 классалъул цIалдохъан КъутIбудинова ХIалиматица къецазда ккуна 2 бакI, ХъахIаб росдал школалъул 8 классалъул цIалдохъан ХIусенова Фатимаца ккуна 3 бакI. РакI-ракIалъ баркула ясазда бергьенлъи!

Нилъер районалдаса тадбиралда гIахьаллъана районалъул лъай кьеялъул нач. М. МухIамадов ва Шамильхъалаялъул школалъул директор М. Къадиев.

Ахихъан

Районалъул газета
№ 5 (7808)
Хамиз
1 Фераль 2024 г

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере




# ГIемер лъимал ругел хъизамазе-цогояб статус



Гьал къоязда РФялъул Президент Владимир Путиница гъулбасараб указалда рекъон, гIемер лъимал ругеб хъизанлъун рикIкIине буго лъабго ва цIикIкIун лъимерги бугеб, бищун кIудияб лъимералъ жеги I8 яги 23 сонги тIубачIеб хъизан. Регионазул ихтияр буго статусги гьединал хъизаназе гьабизе бугеб кумекги жидерго ресаздасан гьаризе. Амма бе-гьуларо федералияб указалъ бихьизабураб къадаралдаса дагьлъизаризе статусги кумекги. Закон хъинтIизе буго Россиялда гIумру гьабулев I0 миллионгIанасев чиясда.

Президентасул Указалда хъван буго: «Лъабго ва цIикIкIун лъимер бугеб хъизан Россиялъул Федерациялда гIемер лъимал ругеб хъизанлъун рикIкIине ва гьеб статус болжал тIагIунареблъун чIезабизе. ГIемер лъималазул хъизаналъе социалияб кумек гьабизе буго, бищун кIудияб лъимералъ I8 сон яги, очно цIалулев вугони, 23 сон базегIан»,- абун.

Указалда рехсон руго гIемер лъимал ругел хъизаназе гьаризе ругел бигьалъабиги. Гьезие чIезарулел руго: лъимер гьабиялда ва гьелъие тарбия кьеялда бан кьолеб пачалихъияб пособие, кумек гьабизе буго хIалтIуде лъугьунеб мехалда яги хIалтIулеб бакIалда кваридгьарулел ругони; лъабго ва цIикIкIун лъимер гьабурай ва гьезие тарбия кьурай чIужугIаданалъе цебеккунго кьезе буго страховияб пенсия» эбел-инсуе рес щвела тIадегIанаб махщелалъе цIализеги бугеб дипломалда тIадеги лъай босизеги. Гьединго гIемер лъимал ругел хъизаназул ихтияр буго, кинаб бакIалда жидеца гIумру гьабулеб батаниги, РФялъул бокьараб регионалда ругел музеяздегун хIухьбахъиялъул парказде чIобого сапарал гьаризе.

ГIемер лъимал ругей эбелалъе кьезе буго хасаб удостоверениеги. Удостоверение кьеялъулги социалияб рахъалъ кумек гьабиялъулги жавабчилъи тIадкъан буго субъекталъул бетIерасда. Регионалияб нухмалъиялда тIадаб буго гIемер лъимал ругел хъизаналда жидее рукIине кколел бигьалъабазул хIакъалъулъ бицинеги, хъизан цIуниялъул рахъалъ хIаракат гьабулел жамгIиялгун цогидал идарабазе кумек гьабизеги. Гьабизе буго гьединал хъизаназул хасаб сияхI.

**Кинаб кумек гьабизе бугеб?**

- Кодоб бугеб рецепталда рекъон, чIобого кьезе буго лъималазе дараби (анлъго сон базегIан).
- ЖамгIияб транспорталда чIобого рекIине рес буго лъимал гIемераб хъизаналдаса цIалдохъанасул.
- Школалда кваназариялъухъги гьенире хьвадизе хIажатаб ратIлихъги – гьелда гьоркьоб спортивияб парталалъухъги эбел-инсухъа гIарац босизе гьечIо. Лъималазул ахикьеги тIоцебесеб иргаялда къабул гьабизе тIадаб буго гIемер лъимал ругеб хъизаналдаса гьитIич.
- Рукъалъухъ ва коммуналиял хъулухъазухъ кьолеб гIарцудасан 30 процент тIаса бахъула. Гьединго лъазабун буго гьединал хъизаназе мина баялъул мурадалда ракьул бутIа кьолеб мехалда, сверухъ инфраструктура бугеб бакIалда кьеян,- абун.

Указалда хъван буго, федералияб законалде тIадеги,»миллиябгун маданияб ва демография хаслъиги хIисабалде босун», лъимал гIемерал хъизаназе гьабулеб лъикIлъи цIикIкIинабизе регионалъул ихтияр бугин,- абун.

Рехсараб указалда тIасан гьединаб пикру загьир гьабуна ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ХIажимурад Маллаевас: «Гьеб буго нилъер президентасул кутакалда кIвар бугеб хIукму. Жакъа нилъеда бихьулеб буго БакътIерхьул улкабаз хъизаналда щвезабулеб бугеб кьаби. Гьелдасаги квеш ккараб жо буго гьез жидерго пикру дунялалдаго тIибитIизабизе хIаракат гьабулеб букIин. Гьелдаго цадахъ ракIбохизабула нилъер улкаялъул нухмалъиялъги жамгIияталъги чидар пикрабазул сан гьабунгутIиялъ.

Дагъистан буго гьитIинабго республика. Амма захIматаб заманалда, тIаде къо ккедал, хъизаналъул квербакъиялъ кумек гьабула кинабго хIехьезе, цебетIеялде хьулгун гIумру гьабизе. Машгьурал гIалимзабазулги, спортсменазулги, гьунарчагIазулги хъизаназухъ хал гьабидал, гьел киналго лъимал гIемерал хъизаназдаса ратула. Гьенир ругьунлъула цоцазе кумек гьабизе, цоцазул тIалаб-агъазалда рукIине. Гьединал хъизаназда щола лъикIаб тарбияги.

ГьабсагIаталда Россиялъул пачалихъалъ кIудияб кумек гьабулеб буго лъимал гьарулел хъизаназе. «Кин хьихьилеб хъизан?». Гьеб гуро аслияб-«кинаб тарбия кьелеб» абураб суал буго жакъа аслияб. Россиялъул аслияб бечелъи буго гIадамал, халкъ. Нилъ гIемерлъанагIан, жеги бечелъизеги гучлъизеги буго нилъер улка!-ян бихьизабуна хадубги улкаялъул бет1ерас.

## Часть школьников Шамилькалинской школы перевели в обновленные кабинеты в здании районной администрации

На совещании под руководством Председателя Правительства Дагестана Абдулмуслима Абдулмуслимова обсудили вопрос строительства новой школы в поселке Шамилькала Унцукульского района.

Напомним, решение о переводе детей в здание администрации было принято в целях обеспечения безопасного и комфортного учебного процесса. Премьер-министр в декабре по поручению Главы региона Сергея Меликова посещал данную школу лично, совместно с комиссией проанализировал ситуацию с имеющимися в поселке зданиями, где можно организовать учебный процесс ввиду отсутствия иных школ в Шамилькале. Здание местной администрации в районе характеризуется удобным месторасположением и по техническим характеристикам подходит для организации в ней учебного процесса.

«Главой РД Сергеем Алимовичем в федеральный центр направлено соответствующее обращение с предложениями по строительству новой школы и выделению бюджетных ассигнований в рамках федеральной адресной инвестиционной программы», - обозначил Абдулмуслимов.

Как доложил министр образования и науки РД Яхья Бучаев, часть школьников, которые обучались в корпусе, представляющем опасность, уже переведены в здание администрации Унцукульского района.

«Ремонт в помещениях администрации на третьем этаже практически завершен, а дополнительные кабинеты на четвертом этаже будут полностью готовы уже к началу февраля. Образовательный процесс не нарушен, вопрос находится на постоянном контроле».



В свою очередь, врио министра строительства, архитектуры и ЖКХ Дагестана Александр Нестеров рассказал, что на новый объект подготовлена ПСД, имеется положительное заключение госэкспертизы.

Ислам ва хъизан

# Исламалъ щула гьабула хъизан



Хъизаналда гьоркьоб рекъел- гьеб ккола Аллагьасе рокьулел тIабигIатазул цояб.

Исламалда жаниб хъизаналъул буго жиндирго хаслъи. Цо рахъалъ босани, бихьинчи (рос) вукIине ккола хъизаналъул бетIерлъуда. Бихьинчиясда тIадаб буго хъизан хьихьизе. Аварагас (с. т. гI. в.) жиндирго умматалдехун вуссун абуна: «Дуца кваназабизе ккола хъизан, мунго кваналев вугони, ретIел ретIине ккола гьезда, дуцаго ретIунеб бугони» (Абу Давуд),… гьединго нужер руччабазул бицани, гьезул ихтияр буго нужедаса тIалаб гьабизе нужеца гьел лъикI ретIа-къазе ва кваназаризе (Ат-Тирмизи).

Цогиги рахъалъ борцаниги, шаригIаталъ росасда тIад лъолеб буго кIудияб жавабчилъи. Аллагьас абулеб буго: «ГIумро гьабейила нужерго руччабазда цадахъ ракълида, кигIан нужеда гьел берцин рихьулел ратичIониги, гьезулъ Аллагьас гIемераб лъикIлъи лъун бугелъул». (сура «Руччаби» аят I9).

Аварагас (с. т. гI. в.) малъулеб буго бусурбабазда сабру бугеллъун рукIине, цоцазда (чIужуялда хIал рекъезабун) тIаса-гъоркье лъугьараллъун рукIине, гьезие бокьараб гьабизе, гьезул гогьлъицин хIехьезе. «ЧIужугIадан релъарай йиго хьабалухъ гIучIалда, гьеб битIизабизе лъугьани бекула. Гьелдаса мунпагIалъи, лъикIлъи щвезе бокьани, гьелъул гьетIиялде сан гьабичIого, гьейгун рекъон вукIине лъик1аб буго. (Аль-Бухари муслим).

Исламалъ жиндирго чIужугун лъикI вукIине гуребги, Аллагьасда божилъиялъул къуваталъул цояблъунги гьабулеб буго гьесул чIужуялда гьоркьор гьарулел лъикIал гIамалал. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Бищунго щулияб Аллагьасдехун божилъи букIуна бищунго лъикIаб гIамал-хасият бугезул, гьездасанги бищунго лъикIаб ккола, бищунго лъикI жидерго руччабигун рукIунел. (Ат-Тирмизи).

Спорт

# Бергьенлъи даимлъаги



Балахьуни росулъа АхIматIхъанов МухIамадица гIахьаллъи гьабуна СКФО-ялъул столалда тIад лъун хIалеб чIахIиязул теннисалда. Гьеб унеб букIана 23-25 январалда Нальчик шагьаралда. Мух1амад гьенив кIиабилеб бакIги ккун, финалалде ворчIана. Гьедин МухIамад АхIматIхъановасе рес щвана ТIолгороссиялъул уровеналда регион лъезе.

РакI-ракIалъ баркула гIолиласда финалалде ворчIи. Хадурккунги бергьенлъаби гьарула гьесие.

# Лъабабилеб бакI



27 январалда Красноярск шагьаралда 2024 соналъул Яригинал кубокалъе гIоло т1о-рит1арал къецал рагIалде рахъана. Гьезда гIахьал-лъана нилъер ракьцояв ГI.ГIабдулаевги. Гьениб тIубараб республикаги машгъур гьабун, ир-гадулаб бергьенлъи бо-сана ГIарипица. Гьес ккуна лъабабилеб бакI.

Халкъазда гьоркьосел, ТIолгороссиялъул ва рес-публикалъулги гIемерисел къецазда чемпионлъунги ва-хъун, гIолилас цIи-дасан бихьизабуна спорталъулъ живго борхалъиялда вукIин.

# Внимание, объявления




Уважаемые жители Унцукульского района!

Отдел Министерства внутренних дел России по Унцукульскому району приглашает Вас на службу в органы внутренних дел Российской Федерации. Ставим Вас в известность, что связи с имеющимися вакансиями должностей младшего начальствующего состава, идет подбор и прием кандидатов на службу в органы внутренних дел Унцукульского района, а также в целом по Министерству внутренних дел Республики Дагестан.

Служба в полиции это:

- достойная заработная плата;
- Ежегодный оплачиваемый отпуск (40 дней+ дни на дорогу к месту проведения отпуска и обратно: увеличение отпуска в зависимости от выслуги лет);) - Возможность получения бесплатного высшего образования (в том числе второго в учебных заведениях МВД России) ;
- Оплачиваемый учебный отпуск; - Льготные путевки в санатории МВД;
- Бесплатное медицинское обслуживание (в том числе членов семьи);
- Обязательное государственное страхование; - Возможность карьерного роста;
- Выход на пенсию через 20 лет службы (в Северокавказском регионе существует льготное исчисление срока службы 1 год за 1,5 года) в ВС РФ входит в выслугу лет).

Желающие поступить на службу в органах внутренних дел, могут обратиться по телефону: **89882658707**

**С уважением! Руководство ОМВД по Унцукульскому району**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940**

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 31. 01. 2024г. 17. 20 фактически -17 . 50 мин.

........................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 988 экз.